



Plent Diskriminasyon nan Travay ki Enplike yon Kontraktèl oswa Soutretan Federa

Rezève pou OFCCP sèlman: Nimewo Ankèt Preyalab a Plent lan:

OMB: 1250-0002

Ekspire: 30/06/2026

Li enstriksyon ki anba yo anvan ou ranpli fòm sa a.

Enstriksyon yo

Ou ka depoze yon plent nan OFCCP si ou panse ke yon konpayi k ap fè biznis ak Gouvènman Federal la fè diskriminasyon kont ou nan travay, oswa lè w ap aplike pou yon travay, akòz ras, koulè, relijyon, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite sèks ou, orijin nasyonal, andikap, sityasyon kòm yon veteran ki pwoteje, oswa poutèt ou poze kesyon, diskite, oswa divilge renimerasyon w oswa pa lòt moun. Ou kapab depoze yon plent tou si ou kwè patwon an te pran revanj oswa otreman te pran aksyon negatif sou ou paske ou te depoze yon plent, te opoze ak zak oswa pratik otorite OFCCP yo te fè ilegal, oswa te ede oswa te patisipe nan yon evalyasyon konfòmite oswa ankèt sou plent oswa si panse yon konpayi k ap fè biznis ak Gouvènman Federal la vyole lòt obligasyon kontraktèl OFCCP. Ou pa bezwen konnen avèk sètitud ke patwon an se yon kontraktèl federal oswa yon soutretan pou depoze yon plent. Si w gen kesyon oswa si w bezwen èd, kontakte Biwo Èd OFCCP nan 1-800-397-6251.

Dat limit pou depoze yon plent

Si w pa depoze yon plent pou diskriminasyon nan limit tan ki endike anba la a, w ap pèdi dwa w pou OFCCP jere dosye sa.

Plent ki baze sou ras ou, koulè, relijyon, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite sèks, oswa orijin nasyonal, dwe depoze nan OFCCP nan lespas **180 jou** apre aksyon an (yo) patwon an te pran ke ou panse se te swa diskriminasyon oswa vanjans.

Plent ki akize diskriminasyon pou diskite, divilge, oswa mande enfòmasyon sou salè yo dwe depoze nan OFCCP nan **180 jou** apre aksyon an (yo) pran pa patwon an ke ou panse se te swa diskriminasyon oswa vanjans.

Plent ki baze sou andikap ou oswa kondisyon ou kòm yon veteran pwoteje dwe depoze nan OFCCP nan lespas **300 jou** apre aksyon an (yo) pran pa anplwayè a ke ou panse se te swa diskriminasyon oswa vanjans.

Ranpli fòm sa a

Enprime oswa tape enfòmasyon ki sou fòm lan. Si w bezwen plis espas pou w dekri sa ki rive w, sèvi ak yon papye apa. Sonje tache moso papye a sou fòm nan. **Yo mande siyati w sou fòm plent lan, epi si li pa sou fòm nan lè w soumèt li, n ap mande w pou w siyen li.** Si ou te otorize yon lòt moun pou pote plent nan non w, siyati reprezantan w la obligatwa sou fòm plent lan. Si w ap depoze yon plent pou diskriminasyon akòz estati w antanke veteran ki pwoteje, n ap mande w pou w bay Sètifika Liberasyon w oswa Egzeyat Sèvis Aktif (ki rele tou sou non Fòm DD 214).

Ki jan ak ki kote mwen depoze yon plent?

Pou depoze yon plent nan OFCCP, ranpli tout seksyon nan fòm sa a, sof si yo make kòm opsyonèl. Si ou pa konnen repons pou yon kesyon, ekri "pa konnen." Si yon kesyon pa aplikab, ekri "N/A."

Si w ap ranpli sou entènèt, ranpli chan yo epi klike sou Soumèt. Si w pa ranpli sou Entènèt, voye fòm ranpli a bay OFCCP pa lapòs, faks, oswa imèl. Voye fòm nan bay biwo rejyonal OFCCP ki kouvri eta kote evènman yo te fèt la. Ou ka ranpli tou an pèsòn nan yon biwo OFCCP. Ou ka jwenn yon lis biwo rejyonal yo ak eta yo ke chak biwo kouvri sou [OFCCP website](http://www.dol.gov/ofccp/contacts/regkey.htm) la: (<http://www.dol.gov/ofccp/contacts/regkey.htm>).

Lè w ranpli fòm sa a, w ap depoze yon plent pou diskriminasyon nan travay ki fè konnen patwon an te fè diskriminasyon kont ou. Dapre lalwa, nou oblije fè patwon an konnen plent la.

Èske w te soumèt yon demann plent preyalab bay OFCCP?

- Wi Non **Konnen:** Si w gen plis pase 60 jou pou w depoze yon plent alè, nou ankouraje w pou w soumèt yon demann plent preyalab anvan w depoze yon plent. OFCCP pral revize demann ou an pou detèmine si OFCCP se ajans federal ki bon pou okipe zafè a.

Ki jan nou ka jwenn ou?

Non (Prenon, Dezyèm Prenon, Siyati): _____

Adrès: _____

Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____

Nimewo telefòn: _____ Imèl: _____

Èske w gen yon reprezantan? (Opsyonèl)

Si w reprezante pa yon avoka, yon lòt moun, oswa yon òganizasyon, bay enfòmasyon kontak yo:

Non (Prenon, Dezyèm Prenon, Siyati): _____

Adrès: _____

Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____

Nimewo telefòn: _____ Imèl: _____

Ki moun nou ta dwe kontakte si nou bezwen plis enfòmasyon? _____ Ou _____ Reprezantan ou

Ki non anplwayè ou kwè fè diskriminasyon kont ou?

Employer Name: _____

Adrès: _____

Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____

Nimewo telefòn: _____

Non kontak Resous Imèn (Opsyonèl): _____ Imèl (Opsyonèl): _____

Èske se menm kote diskriminasyon an te fèt? _____ Wi _____ Non

Si non, ki kote li te fèt? _____

Bay dat ou kwè ou te viktim diskriminasyon oswa vanjans lan.

Date(yo): _____

Sou ki baz ou kwè patwon an fè diskriminasyon kont ou?

Tcheke tout sa ki aplikab:

- | | | | |
|--|---|--|--|
| <input type="checkbox"/> Ras | <input type="checkbox"/> Oryantasyon Seksyèl | <input type="checkbox"/> Demann Ransèyman sou Salè | <input type="checkbox"/> Reprezay |
| <input type="checkbox"/> Orijin Nasyonal | <input type="checkbox"/> Idantite Jan | <input type="checkbox"/> Divilgasyon sou Salè | <input type="checkbox"/> Depoze plent sou diskriminasyon |
| <input type="checkbox"/> Koulè | <input type="checkbox"/> Eitati Veteran Pwoteje | <input type="checkbox"/> Lòt: _____ | <input type="checkbox"/> Kontakte yon ajans gouvènman an pou pote plent sou diskriminasyon |
| <input type="checkbox"/> Relijyon | <input type="checkbox"/> Andikap | | <input type="checkbox"/> Pote plent bay anplwayè an konsènan diskriminasyon |
| <input type="checkbox"/> Sèks (enkli gwosès) | <input type="checkbox"/> Diskisyon sou Salè | | <input type="checkbox"/> Patisipe nan envestigasyon OFCCP |
| | | | <input type="checkbox"/> Patisipe nan plent yon lòt moun sou diskriminasyon travay |
| | | | <input type="checkbox"/> Lòt: _____ |

Èske w te depoze akizasyon diskriminasyon nan travay sa a ak yon lòt ajans federal oswa lokal (pa egzanp, Komisyon Opòtinite Travay Egal oswa Komisyon Travay Ekitab oswa Komisyon Dwa Moun nan eta oswa lokal)?

Wi Non Mwen pa sètenn

Si wi, ki ajans? _____ Kilè ou te depoze? _____

Non Kontakte Ajans lan: _____ Nimewo Telefòn: _____

Imèl: _____ Nimewo Ka (si li konnen): _____

Di nou sak te pase

Dekri pi ba a sa ou panse patwon an te fè oswa li pa t fè ke ou kwè te lakòz diskriminasyon oswa vanjans, tankou:

1. Poukisa ou kwè aksyon sa yo te baze sou: ras; koulè; relijyon; sèks; oryantasyon seksyèl; idantite sèks; orijin nasyonal; andikap; estati veteran; ak/oswa kesyon sou, diskisyon, oswa divilgasyon sou salè ou oswa sou salè lòt moun; ak/oswa kòm vanjans pou depoze yon plent, patisipe nan pwosedi diskriminasyon, opoze diskriminasyon ilegal, oswa egzèse nenpòt lòt dwa pwoteje pa OFCCP.
2. Kilè (ki dat) aksyon anplwayè yo te rive, kote yo te pase, ak kiyès ki te enplike.
3. Ki domaj, si genyen, ou menm oswa lòt moun te soufri akòz aksyon anplwayè an.
4. Ki eksplikasyon, si genyen, patwon an oswa moun ki reprezante anplwayè an te bay pou aksyon li yo.
5. Ki moun ki te nan menm sitiyasyon oswa menm jan ak ou ak ki jan yo te trete. Mete enfòmasyon tankou ras, koulè, relijyon, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite sèks, orijin nasyonal, andikap, oswa estati veteran pwoteje moun sa yo, si yo konnen.
6. Ki enfòmasyon ou genyen sou kontra federal konpayi an te genyen nan moman evènman ou dekri nan plent sa a.

Siyati ak Verifikasyon

Mwen deklare anba penalite pou fo temwayaj ke enfòmasyon yo bay pi wo a se verite ak kòrèk dapre sa mwen konnen oswa kwayans mwen. Mwen otorize publikasyon nenpòt enfòmasyon medikal ki nesesè pou investigasyon sa a.

Siyati: _____ Dat: _____

Deklarasyon Lwa sou Konfidansyalite

Otorite legal OFCCP aplike yo otorize koleksyon enfòmasyon yo itilize fòm sa a ansanm ak Tit VII Lwa sou Dwa Sivil 1964 (Tit VII), jan li te amande, ak Tit I Lwa 1990 pou Ameriken Andikape yo (ADA). , jan sa amande a, nan jan Komisyon Opòtinite Egal nan Travay Etazini (EEOC) aplike li. OFCCP itilize enfòmasyon sa yo pou trete plent yo epi mennen ankèt sou swadizan vyolasyon lwa diskriminasyon travay sa yo. OFCCP ap bay anplwayè a kopi plent ki depoze kont li a. OFCCP gendwa refere plent sa a bay lòt òganizasyon ki gen konpetans pou sa, epi bay yon kopi plent lan bay òganizasyon ki gen konpetans pou sa. Enfòmasyon yo kolekte ka: 1) verifye ak lòt moun ki ka gen konesans ki gen rapò ak plent lan; 2) itilize nan negosyasyon antant ak anplwayè a oswa nan prezantasyon prèv nan yon odyans; oswa 3) divilge bay lòt ganizasyon ki gen konpetans pou sa.

Bay enfòmasyon sa yo volontè; sepandan, si w pa bay enfòmasyon yo, sa ka retade oswa anpeche OFCCP mennen ankèt sou plent ou a epi, pou zafè Tit VII oswa ADA a kouvri, sa ka afekte dwa w pou pote yon pwosè anba lwa sa yo.

Deklarasyon Chaj Piblik

Tan yo estime pou ranpli fòm sa a se 1 èdtan, ki gen ladan tan pou revize enstriksyon yo, ranpli fòm nan epi voye li bay OFCCP. Tanpri sonje ke ou pa oblije reponn ak koleksyon enfòmasyon sa a sof si li montre yon Nimewo Kontwòl OMB ki valab kounye a.

Si w gen kòmantè konsènan estimasyon chaj la oswa nenpòt lòt aspè nan fòm plent sa a, ki gen ladan sijesyon pou diminye fado a, voye yo bay Divizyon Règleman OFCCP (1250-0002), 200 Constitution Avenue, N.W., Sal C3325, Washington, D.C. 20210. . **Tanpri pa voye fòm plent ranpli a nan adrès sa a.**